# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ STATISTIKA BASQARMASÍ



**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**
**2019 jıl yanvar-sentyabr** (dáslepki maǵlıwmat)

2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı **2088,1 mıń sumdı** (is haqıǵa ústeme, sıylıq, xoshametlew qásiyetine iye tólemler, kompensatsiya hám islenbegen waqıt ushın is haqı basqada tólemler kiritilgen, sonday-aq onıń quramında fizikalıq tárептiń dáramat salıǵı, qamsızlandırıw hám kásiplik awqamına tólemler de kiritilgen) qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **29,5** % ǵa ósti.

**2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında**

| Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı: | ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda: |
|---|---|
| **2 088,1 mıń. sum** | **129,5 %** |

**Yuridik shaxslarda islewshiler sanı hám is haqı fondı**
(2019 jıl yanvar-sentyabr; awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subektlerisiz)

| | Kárxana hám shólkemler sanı, *birlik* | Islewshiler sanı, *adam* | Is haqı fondı, *mln.sum* | Ortasha aylıq is haqı, *mıń sum* |
|---|---|---|---|---|
| **Respublika boyınsha - jámi** | **3661** | **145 114** | **2 727 114,5** | **2 088,1** |
| *solardan:* | | | | |
| Sanaat | 30 | 12 721 | 404 048,5 | 3 529,1 |
| Qurılıs | 13 | 2 591 | 60 425,7 | 2 591,3 |
| Sawda | 16 | 2 441 | 42 457,8 | 1 932,6 |
| Tasıw hám saqlaw | 12 | 8 278 | 201 353,0 | 2 702,7 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 5 | 13 | 132,9 | 1 136,2 |
| Xabar hám baylanıs | 40 | 1 202 | 25 361,5 | 2 344,4 |
| Finanslıq hám qamsızlandırıw tarawında | 95 | 3 315 | 110 984,4 | 3 719,9 |
| Bilimlendiriw | 1587 | 66 949 | 1 047 598,3 | 1 738,6 |
| Densawlıqtı saqlaw hám sotsiyallıq xızmetler kórsetiw | 80 | 24 429 | 364 755,2 | 1 659,0 |
| Kórkem óner hám mádeniy dem alıw | 158 | 2 107 | 30 394,9 | 1 602,9 |
| Basqa xızmet túrleri | 1625 | 21 068 | 395 163,0 | 2 084,1 |

**Is haqı.** 2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha is haqı analizi tómendegilerdi kórsetpekte.

**Bilimlendiriw tarawında 1587** mákemede **66949** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 46,1 %) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondi **1 047,6** mlrd. sumdı (jámi is haqı fondındaǵı úlesi 38,4 %) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı **1738,6** mıń sumdı qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 37,2 % ǵa ósti.

**Bilimlendiriw ekonomikalıq xızmeti boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

(2019 jıl yanvar-sentyabr; kishi isbilermenlik subektlerisiz)



**Bilimlendiriw ekonomikalıq xızmeti boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

(2019 jıl yanvar-sentyabr; kishi isbilermenlik subektlerisiz, mıń sum)




Bul tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishin respublika aymaqları boyınsha kóretuǵın bolsaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında **2023,3** mıń sumdı (respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıǵa salıstırǵanda 116,4 %), Kegeyli rayonında **1862,8** mıń sumdı (107,1 %), Nókis rayonında **1821,4** mıń sumdı (104,8%) hám Ellikqala rayonında **1801,3** mıń sumdı (103,6 %) quraǵan bolsa, Moynaq rayonında **1410,3** mıń sumdı (81,1 %), Shomanay rayonında **1522,6** mıń sumdı (87,6 %) hám Qaraózek rayonında **1532,8** mıń sumdı (88,2 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.



**Sanaat** ekonomikalıq xızmet túrinde **30** kárxanada **12721** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 8,8 % dı) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı **404,0** mlrd. sumdı (jámi is haqı fondındaǵı úlesi 14,8 %dı) quraǵan. Sanaat tarawında islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı **3529,1** mıń sumdı qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 13,6 %ǵa ósti.

**Sanaat ekonomikalıq xızmeti boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

(2019 jıl yanvar-sentyabr; kishi isbilermenlik subektlerisiz, mıń sum)




Bul tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishin respublika aymaqları boyınsha kóretuǵın bolsaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıng joqarı muǵdarı Moynaq rayonında **5996,7** mıń sumdı (respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıǵa salıstırǵanda 169,9 %) hám Nókis qalasında **4893,8** mıń sumdı (138,7 %) quraǵan bolsa, Shımbay rayonında **1001,8** mıń sumdı (28,4 %), Qońırat rayonında **1395,8** mıń sumdı (39,6 %) hám Tórtkúl rayonında **1410,1** mıń sumdı (40,0 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.




**Densawlıqtı saqlaw hám sotsiyallıq xızmetler kórsetiw** tarawında **80** kárxanada **24429** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 16,8 %dı) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondi **364,8** mlrd. sumdı (jámi is haqı fondındaǵı úlesi 13,4 %dı) quraǵan. Bul tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı **1659,0** mıń sumdı qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 39,8 %ǵa ósti.

Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishin respublika aymaqları boyınsha kóretuǵın bolsaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Taxtakópir rayonında **2209,2** mıń sumdı (respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıǵa salıstırǵanda 133,2 %), Xojeli rayonında **1749,1** mıń sumdı (105,4 %), Qanlıkól rayonında **1747,5** mıń sumdı (105,3 %) hám Qaraózek rayonında **1691,1** mıń sumdı (101,9 %) quraǵan bolsa, Taqıyatas rayonında **1452,1** mıń sumdı (87,5 %), Ellikqala rayonında **1550,6** mıń sumdı (93,5 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.

**Densawlıqtı saqlaw hám sotsiyallıq xızmetler kórsetiw xızmeti boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**
(2019 jıl yanvar-sentyabr; kishi isbilermenlik subektlerisiz, mıń sum)





**Finanslıq hám qamsızlandırıw** ekonomikalıq tarawında **95** kárxanada **3315** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 2,3 % dı) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondi **111,0** mlrd. sumdı (jami is haqı fondındaǵı úlesi 4,1 %dı) quraǵan. Bul tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı **3719,9** mıń sumdı qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 42,5 % ǵa ósti.

**Finanslıq hám qamsızlandırıw tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**
(2019 jıl yanvar-sentyabr; kishi isbilermenlik subektlerisiz, mıń sum)




Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishin respublika aymaqları boyınsha kóretuǵın bolsaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında **4385,2** mıń sumdı (respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıǵa salıstırǵanda 117,9 %) quraǵan bolsa, Nókis rayonında **2587,7** mıń sumdı (69,6 %), Shomanay rayonında 2811,0 mıń sumdı (75,6 %) hám Qaraózek rayonında **2817,7** mıń sumdı (75,7 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.



# 2019 jıl yanvar-sentyabrda is haqı eń joqarı bolǵan:

## TARAWLAR

Finanslıq hám qamsızlandırıw
3 719,9 mıń sum

Sanaatta
3 529,1 mıń sum

Tasıw hám saqlaw
2 702,7 mıń sum

Qurılıs
2 591,3 mıń sum



## AYMAQLAR

**Nókis qalası** - 2 638,8 mıń sum

**Qońırat rayonı** - 2 355,6 mıń sum

**Moynaq rayonı** - 2 126,1 mıń sum

**Respublika boyınsha** 2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń joqarı ósim páti finanslıq hám qamsızlandırıw tarawında 42,5 %, densawlıqtı saqlaw hám sotsiyallıq xızmetler kórsetiwde 39,8%, bilimlendiriw tarawında 37,2 %, hám xabar hám baylanıs tarawında 26,8 % gúzetildi.

**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti**

(2019 jıl yanvar-sentyabr; awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subektlerisiz, % da)




**Maǵlıwmat ushın:** Ózbekstan Respublikasınıń Miynet Kodeksine muwapıq, arnawlı bir dáwir ushın belgilengen miynet normasın hám miynet wazıypaların tolıq atqarǵan xızmetkerdiń aylıq miynet haqı nızam hújjetlerinde Miynetke haq tólew birden-bir tarif setkasınıń birinshi razryadi (2019 jıl sentyabr ayında 634,9 mıń sumdı quraǵan) boyınsha belgilengen muǵdardan kem bolıwı múmkin emesligi kórsetip ótilgen.



**Aymaqlar boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**
(2019 jıl yanvar-sentyabr; respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıga salıstırǵanda, % da)




Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishin respublika aymaqları boyınsha kóretuǵın bolsaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında **2638,8** mıń sumdı (respublikadaǵı ortasha aylıq is haqıǵa salıstırǵanda **126,4** %), Qońırat rayonında **2355,6** mıń sumdı (**112,8** %) hám Moynaq rayonında **2126,1** mıń sumdı (**101,8** %) quraǵan bolsa, Qaraózek rayonında **1617,6** mıń sumdı (**77,5** %), Shomanay rayonında **1627,1** mıń sumdı (**77,9** %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

(yanvar-sentyabr; awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subektlerisiz, mıń sum)

| | 2018 jıl | 2019 jıl | Ósim páti, % |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1612,2** | **2088,1** | **129,5** |
| Nókis qalası | 2092,8 | 2638,8 | 126,1 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 1162,2 | 1639,1 | 141,0 |
| Beruniy | 1175,1 | 1629,3 | 138,7 |
| Qaraózek | 1171,0 | 1617,6 | 138,1 |
| Kegeyli | 1297,7 | 1808,7 | 139,4 |
| Qońırat | 1896,0 | 2355,6 | 124,2 |
| Qanlıkól | 1457,8 | 1918,3 | 131,6 |
| Moynaq | 1790,2 | 2126,1 | 118,8 |
| Nókis | 1320,1 | 1814,8 | 137,5 |
| Taqıyatas | 1495,0 | 1964,2 | 131,4 |
| Taxtakópir | 1431,4 | 1747,9 | 122,1 |
| Tórtkúl | 1278,4 | 1749,2 | 136,8 |
| Xojeli | 1438,7 | 1861,7 | 129,4 |
| Shımbay | 1202,4 | 1719,1 | 143,0 |
| Shomanay | 1214,3 | 1627,1 | 134,0 |
| Ellikqala | 1236,8 | 1761,9 | 142,5 |

***Qaraqalpaqstan Respublikası***
***Statistika basqarması***
***Demografiya hám miynet statistikası bólimi***
*Tel: (71) 230-82-17, (61)222-76-57*